

# 5 KESYON POU POZE TÈT OU LÈ W AP CHWAZI YON PLAN

Mache Asirans Sante a ofri diferan tip plan pou reponn a plizyè kalite bezwen ak bidjè. Pifò moun kalifye pou èd finansye defason pou rann pri kouvèti asirans sante a abòdab. Konpare plan yo baze sou sa ki enpòtan pou ou epi chwazi konbinezon pri ak pwoteksyon ki reponn a bezwen w genyen yo. Poze tèt ou 5 kesyon sa yo lè w ap chèche asirans nan Mache Asirans la.

## 1. Èske mwen ka jwenn èd pou m peye pou kouvèti asirans sou Mache Asirans lan?

Ou ka kalifye pou èd finansye pou diminye pri kouvèti w la. Wit moun sou dis ki anrejistre pou kouvèti asirans sante nan HealthCare.gov kalifye pou èd finansye pou rann pri pou kouvèti asirans yo a abòdab. Anreyalite, pifò moun jwenn plan ki te koute \$75 oswa mwens, pa mwa. Apre w fin ranpli aplikasyon sou Mache Asirans lan, w ap konnen si w elijib pou èd finansye defason pou diminye pri prim mansyèl ou yo ak pri pou swen w.

Chèche konnen plis enfòmasyon sou kijan ou ka jwenn pri ki mwen chè sou Mache Asirans lan nan [HealthCare.gov/lower-costs](#).

## 2. Ki benefis plan sante yo kouvri?

Tout plan sante nan Mache Asirans lan ofri menm seri atik ak sèvis ke yo rele «benefis sante esansyèl». Benefis sa yo kouvri bagay tankou vizit kay doktè, preskripsyon, entène lopital, gwosès, ak anpil lòt toujou.

Plan sante yo ka ofri lòt benefis, tankou pwogram vizyon, dantè oswa jesyon medikal pou yon maladi oswa yon pwoblèm medikal byen espesifik. Sepandan, benefis espesifik yo ka pa menm nan chak eta. Menm nan menm eta a, ka gen ti diferans ant plan yo. Lè w ap konpare plan yo, w ap wè ki benefis chak plan kouvri. Sa pral ede w si w gen bezwen byen presi pou swen sante.

### **3. Kijan pou m jwenn yon plan ki bon pou bidjè mwen e ki reponn a bezwen mwen genyen yo?**

Pou jwenn yon bon plan sante se pou evalye kantite kòb ou peye chak mwa avèk kantite swen sante ou panse ou menm ak fanmi w nou pral bezwen pandan ane a, epi fè balans ant toulède. Si ou ansante e ou pa al kay doktè souvan, alèkile yon plan ki gen yon prim mansyèl ki ba (sètadi montan pou peye pou kouvèti w la) pwobableman se li k ap koute w mwen chè. Men si w bezwen al kay doktè souvan, oswa ou bezwen anpil medikaman sou preskripsyon ki koute chè, ou gen enterè chèche plan ki gen pri pou jwenn swen, oswa ki mande pou peye kòb ki soti nan pòch ou (tankou koasirans oswa yon kopeman), ki pi ba. Lè w ap chèche plan nan Mache Asirans lan, yo mete plan sa yo nan 5 kategori (Bronze, Silver, Gold, Platinum, ak Catastrophic) pou ede w seleksyon sa ou ka peye pou li a baze sou bezwen swen sante ou genyen yo. Kategori ou chwazi a afekte montan prim mansyèl ou, ak ki pòsyon nan bòdwo a ke w peye, pou bagay tankou vizit lopital, oswa preskripsyon - men li pa reflete sou kalite oswa sou kantite swen plan yo bay.

#### **Kategori Plan Sante yo**

**Bronze (Bwonz):** Plan sante w la peye **60%** pou pri total mwayèn swen w lan. Ou peye apeprè **40%**.

**Silver (Ajan):** Plan sante w la peye **70%** pou pri total mwayèn swen w lan. Ou peye apeprè **30%**.

**Gold (Ò):** Plan sante w la peye **80%** pou pri total mwayèn swen w lan. Ou peye apeprè **20%**.

**Platinum (Platin):** Plan sante w la peye **90%** pou pri total mwayèn swen w lan. Ou peye apeprè **10%**.

**\*Katastwofik:** Plan sante w la peye mwens ke **60%** pou pri total mwayèn swen w lan.

**\* REMAKE:** Plan Catastrophic (Katastwofik) yo disponib sèlman pou moun ki gen mwens ke 30 lane oswa pou moun ki gen yon egzanpsyon poutèt sitiyasyon difisil. Pou ka gen plis enfòmasyon sou "egzanpsyon poutèt sitiyasyon difisil), ale sou sit Entènèt la nan [HealthCare.gov/fees-exemptions/hardship-exemptions](https://www.healthcare.gov/fees-exemptions/hardship-exemptions).

Byenke tout plan ki nan Mache Asirans lan kouvri yon seri benefis debaz, montan w peye a pap menm pou tout plan yo. Anjeneral, si peman pou prim mansyèl ou yo ba, pri li koute pou jwenn swen an, oswa kantite kòb k ap soti nan pòch ou pou bagay tankou preskripsyon oswa vizit lopital, ap pi wo. Si w peye plis chak mwa pou prim ou an, lòt depans yo pral pi ba.

**Enfòmasyon enpòtan:** Si ou kalifye pou depans kach ki soti nan pòch ou ki pi ba baze sou kantite moun ki nan fwaye w e baze sou revni tout moun nan kay ou touche, e si w chwazi yon plan Silver (Ajan), ou ka ekonomize plis. Yo rele sa yon "rediksyon pataj chaj yo."

Lè w gen yon rediksyon pataj chaj yo, w ap peye dediktib (montan ou peye anvan asirans ou an kòmanse peye pou swen w resevwa), kopeman, ak koasirans, ki pi ba. Pratikman, w ap gen yon plan Gold (Ò) oswa Platinum (Platin) ki gen yon depans kach ki soti nan pòch ou ki pi ba, pandan ke w ap peye yon prim pou yon plan Silver (Ajan). Ou ka chwazi yon plan nan nenpòt kategori plan, men ou fè ekonomi sa yo sou depans kach ki soti nan pòch ou sèlman si w enskri nan yon plan Silver (Ajan).

#### **4. Kijan kouvèti pou swen dantè fonksyone nan Mache Asirans lan?**

Apre w fin konplete aplikasyon w lan sou Mache Asirans lan e ke w gen rezulta w yo, lè sa a ou ka gade plan sante ki gen kouvèti pou swen dantè ladan yo.

Kouvèti pou swen dantè pou timoun nan Mache Asirans lan se yon benefis sante esansyèl li ye. Sa vle di, si ptit ou gen 18 lane oswa mwens, yo oblige gen kouvèti pou swen dantè disponib kòm yon pati nan yon plan sante oswa antanke yon plan dantè endependan. Yo pa oblige ofri kouvèti pou swen dantè pou granmoun, men gen plizyè plan sou Mache Asirans lan ki ofri l antanke yon pati nan yon plan oswa antanke yon plan dantè endependan.

Plan dantè sou Mache Asirans lan tonbe nan 2 kategori plan baze sou fason ou menm ak plan an pral pataje chaj pou swen dantè a pou timoun yo (kategori yo aplike sèlman pou benefis sante esansyèl pou kouvèti pou swen dantè pou timoun).

**Nivo ki Ba:** Plan dantè w la pral peye apeprè **70%** pou pri swen dantè pou timoun.

**Nivo ki Wo:** Plan dantè w la pral peye apeprè **85%** pou pri swen dantè pou timoun.

Kategori plan dantè ou chwazi a afekte kantite total lajan w ap depanse soti nan pòch ou pou swen dantè ptit ou pandan ane a.

Se sèten plan sante, pa tout, ki ofri kouvèti pou swen dantè. Si ou deside ou vle kouvèti pou swen dantè e plan w lan pa ofri sa, ou ak enskri nan yon plan dantè apa ki endependan, menm lè w ap enskri nan yon plan sante. Gen sèten plan dantè ki kouvri timoun sèlman e gen lòt ki kouvri fanmi yo. Revwa detay plan yo pou w asire w ke benefis ou vle yo enkli nan plan an.

## **5. Èske mwen antisipe ke m pral kay doktè souvan, ke m ap bezwen swen dantè souvan, oswa ke m ap bezwen preskripsyon regilyèman?**

Si repons lan se wi, li ka bon si w ta konsidere pran yon plan sante Gold oswa Platinum, ak yon plan dantè ki gen yon nivo ki Wo. Byenke yo gen prim ki pi wo, men ou ka peye mwens pou chak vizi,t pou chak preskripsyon, oswa pou lòt sèvis medikal ak dantè. Si repons lan se non, li ka pi bon si w ta konsidere pran yon plan Bronze oswa Silver, ak yon plan dantè ki gen yon nivo ki Ba. Gen anpil chans prim mansyèl ou yo ap pi ba, men w ap peye plis nan depans yo lè w ale kay yon doktè.

### **Èske w bezwen èd?**

Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd, ale sou sit Entènèt la nan [Localhelp.HealthCare.gov](http://Localhelp.HealthCare.gov). Ou ka jwenn yon moun ki ka ede w an pèsòn. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-855-889-4325.

